

3e KONFERANS NAHAH

5-6 OKTOB 2006

SUNY Dowstate Medical Center

Brooklyn, NY

KONDISYON VI AK SANTE AYSIEN KI NAN DOMINIKANI

YON KOUT JE SOU BATEY YO

Map salie tout patisipan nan Konferans la. Se yon privilej pou mwenn, pou m la avek nou jodia. Map felicite equip ki mete sou pie gwo inisiativ sa -a, e map profite remesie organisate yo, pou invitasyon ke yo te voye pou mwenn, ki pemet ke sityasyon kompatriot nou yo nan Dominikani ak nan batey yo, debat isit la nan kad reflexion sou la sante pou aysien, swa an ayiti, swa nan diaspora.

Nou pral pale rapidman maten an sou aspec socio ekonomik, geo politik ki gen relasyon ak presanz aysien nan Republik Dominiken, nan kad non ti rale sou kondisyon vi ak sante kompatriot nou lo, lot bo fwontie.

Tou dabo li impotan pou nou siyale pa ki fason e depi ki le, aysien komanse al travay ak viv nan panyol. Selon anpil historien, proximite 2 peyi fe ke gen aysien kap viv nan an dominikani depi avan ane 1900 yo. Konsa tou nou jwen kek dominiken ki te instale an ayiti. Cependan a pati de 1916, 1 an pre ke troup ameriken yo te debake en Ayiti, yo te okipe tout zile-a net, yo te fe ke travaye aysien travese nan chantie travo piblik ye yo tap konstwi, an mem tan tou nan agrikilti. Ki donk se yon mouvman migrasyon ki genyen pre de 100 lane.

Pandan 20 denie ane, plizie fakte fe ke mouvman migratwa aysien en direktion dominikani ogmante. Nap site 6 la dan yo:

- 1- Degradasyon kondisyon la vi de fason general nan peyi an ki koze pa imposisyon ekonomik kominote intenasjonal la ak instabilite politik lan
- 2- Violans politik, pesekisyon, represion opozan chak nouvo gouvenman ki monte, ak insekrite
- 3- Incapacite leta aysien pou li repon a necesite basik tan kou edikasyon ak la sante citoyen peyi a, sitou nan zon fwontalie yo
- 4- Difikilte socio ekonomik nan panyol ki pouse dominiken cheche la vi miyo lot bo dlo
- 5- Chanjman model ekonomik dominiken ki pase de yon peyi agrikol a yon ekonomi base sou sevis, especialman indistri touristik
- 6- Necesite travaye nan konstriksyon en Dominikani, ki bay trafik moun sou fwontie a, ak komplisite zotobre yo

Fakte sa yo, pami lot rezon ki explike ke plis pase 200 milyon moun kite peyi yo, pou ale nan lot peyi sou planet la. Sa vle di ke gen yon serie de kondisyon ki expilse migran yo, de peyi pa yo, eki atire yo nan lot peyi. Nan ka 2 peyi ki fe fwontie kote nivo vi a pi ro sou yon bo ke yon lot, se yon reaksyon kretien vivan kap cheche la manjay. Li difisil pou zotobre arive kontrol fenomen sa-a.

Nou gen examp lan nan ka Etazini Mexik. De mem, nan ka ayisiano dominiken an. Paske malgre masak aysien yo en 1937, kote diktate Leonidas Rafael Trujillo te pase anba bayonet de milie pami kompatriot nou yo, malgre kampay anti aysien yon seri de sekte nan sosiete dominiken, kompatriot nou yo, kontinie travese fwontie chak jou Bon Die mete.

Pa gen chif ofisiel sou sa, men yo konsidere ke aysien ak pitit yo ki ta dwe resevwa nasyonalite dominiken nan panyol reprezante koulie a ant 6 a 8% popilasyon peyi a ki 8.6 milyon kretien vivan. Sa ki vle di ke nou o zalantou de 500,000 a 800,000 moun. Pami nou gen ti moun 3e generasyon.

Depi dekadans endistri sik la ak chanjman model ekonomik nan dominikani pandan period denie 20 lane sa yo, gen yon divesifikasyon ki fet nan migrasyon aysien nan panyol.

1- Depi Ayiti gen plis jen ki soti la vil, nan diferan point nan peyi a e mem nan kapital la ke avan, kote gran majorite te soti nan zòn rural

2- Pou koulie nan izin sik yo, yo pa bezwen plis ke yon 15,000 travay chak ane, ki donk migran yo ale nan lot sekte agrikol ak nan konstriksyon.

3- Nou jwen anpil moun tou, nan ekonomi infomel, machan kap van nan la ri, fam kap travay kay moun, gason la kou, gadien e mem fam kap fe jame dodo

An plis de gwoup sa yo, aysien de fason general voyaje nan panyol pou: fe touris, pou fe komes, pou rezon medical, pou fe investisman, gwo investisman, ak pou etidie. Plis pase 8,000 jen aysien nan diferan inivèsite nan panyol aktielman. Mwen panse li impotan pou nou souliye nan aspe medical la, ke gen de medecin aysien ki voye pasian yo al pran swen nan kilnik espezialise nan panyol. An mem tan gen de moun an Ayiti ki genyen asirans intenasyon, ke selon ka yo, yo refere yo nan helikopte ou avion ambulans sen domeng. Sa vle di ke nan relasyon ant de peyi gen yo kote bagay yo ap mache byen, gen yon lot kote bagay yo pap mache.

Politizasyon kesyon migrasyon an, fe ke tout la sent jounen nan radio, television ak jounal, anpil parol anpil afet sou do aysien. Sekte nasyonalis yo konsidere ke prezans aysien nan peyi a se yon invasyon pacifik, ki reprezante yon menas pou souverennete nasyonal la. Nan konteks sa a, yo kont tout demach pou legaliser kompatriot nou yo, an mem tan yo fe kon nen ke intenasyon lage sou do yo, yon mo ki rele Ayiti. Pou yo pep aysien an konstitie yon menas sanite, paske anpil maladi ke yo te fin toupizou, retounen a koz prezans aysien.

Nan yon lot bo, yo fe kon nen ke Ayiti se yon chaj lou pou yo, paske yo oblije pran sou do yo, de aspe kle la vi pep aysien nan region fwontalie: edikasyon ak la sante. Frekam man yo pliye statistik, ti moun aysien ki soti nan bouk ayiti travese nan panyol, al lekòl, selman pou yo ka jwen yon ti plat manje le matin, epi tou, pasian aysien, fam ansent malerez, ke yo resevwa nan diferan sant sante ak lopital ki nan vil bo fwontie.

Sa nou ka di, se ke diskou sa-a pa tenu kont de travail ke 2 gouvman yo fe ansam sou plan sante ak envirnoman specialman, depi kreasyon Komisyon Mix Bilateral en 1996. Gen de kampay vaksinasyon, gen de echanj sou kesyon SIDA ak lot maladi ki pa respekte fwontie ki pemet ke aysien ak dominiken nou fe yon ti vanse fas a realite mouvman kretien vivan ki fet nan tou les 2 direksyon zile, le nou konsidere prezans tradisyonel fam jame dodo dominiken an Ayiti. Non plis nasyonalis pa tenu kont de kontribisyon aysien nan devlopman peyi yo, epi tou de impotans komes fwontalie nan ekonomia ak nesosite 2 pep yo.

Kominote aysien nan Panyol de fason general ap debat ak la vi. Batey yo ki se kote "braceros" yo viv ki pa tro lwen chan kann yo, rete kom yon referans la mize nan kad realite socio ekonomik peyi ya. Nomalman gen 2 period pandan yon ane nan batey yo: le gen "zafra", sa vle di rekòl kan n, kote tou kalite biznis ap mache, moun kap van manje, moun kap van rad etc...le travay ou touche ke bien ke mal yo peye.

Cependan le "zafra" fini dominiken rele period sa-a "tiempo muerto", sa vle di "tan la mo", kote pa gen la vi, pa gen aktivite, izin nan femen, li pa pran oken responsabilite pou moun ki rete nan batey yo. Nan sans sa, mo Batey la pedi synifiasyon indijen li, ki vle di, yon kote indien yo te kon pran plezi yo, te kon fe distraksyon, paske se la tristes, maladi ak lan mo ki blayi ko yo.

Selon etid ki fet, malnitrisyon, dengue ak malaria afekte plis ti moun en ba zaj. Tandiske le gen zafre gen anpil aksidan travay, le "braceros" blese ak kout manche. Nan majorite batey yo, pa gen yon sant sante ni izin nan pa mete a disposisyon travay yo yon ambulans. Nan ka ijans, se sou motociklet ou deye yon kamionet ke yo transpote pasian yo. Anpil kompatriot nou yo toujou plenyen de move kalite akey yo bayo gen de fwa nan kek lopital, kote pa gen tradikite ki pale kreol pou ede yo, malgre ke izin nan touche yon ti kob sou sale yo pou asirans sosyal. Nap ajoute ke ni nan batey yo, ak nan lot sekte agrikol, tankou nan chan diri ak chan kafe, patron yo pa aplike, ni respekte oken nom sekirite sanite an fave travay aysien yo.

Difikilte sa yo, fe ke kek ONG sitou nan period "tan la mo" pran inisiativ fe de jounen medical gratis ti cheri. Gen medsin aysien ki soti an amerik di no ki ale nan batey. Nan kad sa-a nou ka site BRA ak lot asosyasyon ki kon oganize chak ane tip aktivite sa yo. Daye BRA fek ouve yon klinik kap okipe moun ki gen virus VIH/SIDA nan ko yo. Maladi sa ap vale teren nan batey yo akoz jisteman kondysion pwomiskite ki egziste.

Youn nan pi gwo problem nan kominote a se sante mental kompatriot yo. Si tou sitiasyon ti moun ak jen ki fet nan panyol ou jen ki vin etidie, kap tande tout kalite vie parol nasyonalis yo ap sime nan media yo, ki kreye kriz idantite lakay yo. Nou pap bliye non plis aysien ki nan prizon, anviron 700 ki ta bezwen plis atansyon de la pa reprezantan nou yo, anpil la dan malad, se paste ou pe legliz ki kon al vizite yo le dimanch.

Pou nou konkli nap siyale eleman sa yo:

1- Aysien ak dominiken se de peyi ki pataje yon mem zile, kote yo oblije ouve tout fenet koperasyon espesyalman sou plan sante ak anvironman pou ameliore kalite vi sou zile a.

2- Nou pa konpran ke dominikani se yon peyi mwen pov ke Ayiti, ki pa ka sipote yon imigrasyon san kontrol, mem se responsabilite ak devwa leta ak otorite yo, promouvwa ak fe respete la lwa, dwa moun, an fave tout kretien vivan ki sou teritwa yo, ki kond an fave aysien tou.

3-Li impotan pou kominote diaspora aysien ki nan sityasyon pi ki miyo kontinie pa dives fason exprime solidarite yo ak nou mem ki nan panyol, pou fet lit la vance.

Edwin Paraison

Fundacion Zile

POUR LA PRESENTATION

Edwin Paraison se yon pret episcopal kap viv nan panyol depi 1983 kote li te etidie nan semine. 11 lane apre yon paket inisiativ ke li te pran nan kad defans ak promosyon dwa aysien, Anti Slavery International (ASI) yon ONG ki baze a Londres te remet li en novam 1994 yon pri intenasyonal dwa moun.

De 1995 a juin 2004 li te okipe diferan pos nan diplomasi aysien, kom konsil nan Barahona, konsil general nan sen domeng e ambassade designe.

Aktielman li se yon analist pour diferan media dominiken sou rapo ant haiti e republik dominiken an mem tan ke li te fonde yon espas promosyon la pe ant 2 pep yo ki se FUNDACION ZILE, kote li okipe plas Directe Execitif.